



Enfòmasyon pou paran Nouyòk

SÈVIS EDIKASYON SIPLEMANTÈ

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite pou rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan rezime sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

Pitit ou a merite pi bon edikasyon ki posib la. Lwa NCLB a ba ou kèk nouvo opsyon si lekòl pitit ou a se yon lekòl Ttle I ki pa rive reyalize estanda akademik Nouyòk yo.

Opsyon chwa lekòl piblik.

Tout lekòl dwe fè **pwogrè ki apwopriye chak ane**-yo dwe amelyore. Si yon lekòl pa rive fè pwogrè pandan dezan afile nan menm sijè a, nan menm nivo a, yo idantifye l kòm yon **lekòl ki bezwen amelyore**. Distrik kote pitit ou a lekòl la oubyen lekòl chatè a fèt pou yo di w chak ane si lekòl pitit ou a bezwen amelyore.

Si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore, ou kapab mande pou yo transfere pitit ou a nan yon lekòl k ap bay bon ranman nan distrik eskolè a. Yo rele pwogram sa a **chwa lekòl piblik**.

Opsyon ki rele sèvis edikasyon siplemantè a.

Si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore epi lekòl la pa rive fè pwogrè apwopriye pou yon lòt ane apre yo te fin idantifye li kòm yon lekòl ki bezwen amelyore, lwa NCLB a ba w yon lòt opsyon. Si pitit ou a elijib pou sèvis Title I, jeneralman NCLB ekzije distrik la oubyen lekòl chatè a pou li bay timoun ki nan fanmi ki gen revni ki ba leson siplemantè nan lè ki pa lè lekòl. Yo rele pwogram sa a **sèvis edikasyon siplemantè**. Pwogram sa a fèt pou ede elèv ki an reta nan sijè enpòtan tankou lekti, komunikasyon ak matematik. Distrik eskolè a fèt pou li kontinye bay sèvis sa yo jiskaske yo wete lekòl sa a nan lis lekòl ki bezwen amelyore yo.

Yo bay sèvis edikasyon siplemantè nan lè ki pa lè lekòl ak nan diferan lokal. Sèvis sa yo **gratis pou elèv yo**. Disitrik eskolè yo peye pou yo. Men kèk nan sèvis sa yo:

- leson siplemantè (yon sèl elèv),

- pwogram apre lekòl,
- pwogram nan wikenn, oubyen
- pwogram pandan ete.

Se Depatman Edikasyon eta Nouyòk ki apwouve kalifikasyon moun ki bay sèvis edikasyon siplemantè yo.

Lekòl piblik, lekòl chatè, lekòl prive, konpayi ki pa nan fè pwofi, konpayi ki nan fè pwofi, kolèj lokal, legliz, sinagòg, moske, òganizasyon charitab kapab genyen pwogram ki elijib nan katye ou a. Se **paran** yo ki pou fè aranjman pou transpò. Se pa lekòl yo.

Kouman ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sèvis edikasyon siplemantè pou pitit ou a?

- **Kontake lekòl pitit ou a.** Pwofesè pitit ou a oubyen direktis lekòl la kapab di w si lekòl la se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore ak si lekòl la oblije ofri sèvis edikasyon siplemantè. Si lekòl la pap bay rannman, chèche konnen ki sèvis edikasyon siplemantè ki disponib pou elèv ki nan lekòl pitit ou koulye a.
- **Ale sou entènèt.** Genyen lis lekòl Title I ki bezwen amelyore sou sit Depatman Edikasyon eta Nouyòk la [<http://www.emsc.nysed.gov/nyc/DINI.htm>] ak lis moun yo otorize pou bay sèvis edikasyon elemantè [<http://www.emsc.nysed.gov/nyc/SES/ApprovedProviders/AlphaCountyChoice.html>].
- **Fè yon chwa.** Ou gen yon wòl enpòtan nan chwazi sèvis edikasyon siplemantè pou pitit ou a. Lekòl yo pa ka fè chwa sa a pou elèv yo. Ou kapab mande moun ki alatèt lekòl la pou yo ede w chwazi yon pwogram pou pitit ou a.
- **Se pou ou aktif.** Ou ta dwe patisipe nan idantifye objektif akademik espesifik pou pitit ou a ansanm ak moun k ap ba li sèvis la ansanm ak pwofesè nan lekòl timoun lan. Nan objektif yo fòk nou di kouman n ap mezire pwogrè elèv la. Aktivite y ap fè ak timoun lan dwe ede li fè pwogrè akademik.
- **Chèche konnen kouman ou kapab ede.** Kòm paran, ou kapab mande pwofesè pitit ou a, direktis lekòl la ki mezi l ap pran pou li amelyore rannman lekòl la ak kouman ou kapab ede pitit ou a ak lekòl pitit ou a fè pwogrè pou yo reyalize objektif akademik yo.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele "okenn timoun pa rete dèyè" (No Child Left Behind ann angle). Pati A, Seksyon 1116 (e) nan "No Child Left Behind" lan kouvri Sèvis Edikasyon Siplemantè. Si ou bezwen lòt feyè "...Enfòmasyon", mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la nclbnys@mail.nysed.gov oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.